# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

रेल टिकट के अग्रिम आरक्षण क नया नियम आजु से लागू हो गइल हौ। रेलवे अग्रिम आरक्षण क समय सीमा एक सौ बीस दिन से घटा के साठ दिन कै दिहले हौ। हालांकि येह बरिस एक्कतीस अक्टूबर ले तय कइल गइल सज्जों आरक्षित टिकट बरकरार रहिहें। रेल मंत्रालय के हिसाबि से साठ दिन पहिले क आरक्षण से टिकट जमा करे क अनेसा कम होई अउर यात्री लोगिन के बेसी टिकट जारी कइल जा सकी। मंत्रालय बतवलस कि एकसठ से एक सौ बीस दिन क समय में करावल गइल आरक्षण क एक्कइस फीसदी टिकट कैंसिल करवा दिहल जाला। दिन्न क समय चले वाली ताज एक्सप्रेस अउर गोमती एक्सप्रेस जइसन एक्सप्रेस रेलगाड़ियन बदे अग्रिम आरक्षण के कम समय क अवधि जारी रही।

**********

सरकार केन्द्रीय योजना नमो ड्रोन दीदी के संचालन क दिसा निरदेस जारी कै दिहले हौ। येह योजना में महिला लोगिन क स्वंय सहायता समूहन के ड्रोन उपलब्ध करावल जाला। बरिस दुइ हजार चौबीस–पचीस से बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस तक बदे चउदह हजार पांच सौ चुनिंदा महिला स्वंय सहायता समूहन के ड्रोन उपलब्ध करावे क लक्ष्य रक्खल गइल हौ। दिसा निरदेसन के हिसाबि से नमो ड्रोन दीदी योजना केन्द्रीय स्तर पर एगो अधिकार प्राप्त समिति संचालित करी। येह समिति में कृषि अउर किसान कल्याण विभाग, ग्रामीण विकास विभाग अउर उर्वरक विभाग क सचिव सामिल होइहें। ड्रोन अउर ओकरे उपकरण के लागत क अस्सी फीसदी हिस्सा महिला स्वंय सेवा सहायता समूहन के दिहल जाई, जेहसे ऊ ड्रोन खरीदि सकिहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर प्रवास में आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में लोगिन से मुलाकात कइ के उनकर समेस्या सुनलें। मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन के निरदेसित कइलें कि जनता क समेस्या पर जुरते संवेदनसिलता देखावें। समेस्या से जुड़ल सिकाइत पर तेजी से कारवाई करत गुणवत्तापूर्ण अउर संतुस्टिपरक समाधान सुनिश्चित करावें। काल्हि वनटांगियन के साथे दीपावली मनवले के बाद मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में करीब दुइ सौ लोगिन से मिललें।

**********

विस्प कप अउर एसियन किक बॉक्सिंग में सिल्वर मेडल जीते वाली गोरखपुर क रिंका सिंह चौधरी के आवे वाला अंतर्राष्ट्रीय स्पर्धा बदे योगी सरकार आर्थिक मदद देई। गोरखनाथ मंदिर में आजु रिंका सिंह से मुलाकात कइले के बाद येह संबंध में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकारी लोगिन के निरदेसित कइलें हवें। उहां के अंतराष्ट्रीय किक बॉक्सर के भरोसा देहलीं कि अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर खेल प्रतिभा क परदसन करे बदे सरकार धन क कमी नाही होखे देई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क संसदीय क्षेत्र वाराणसी में सुक्क से यातायात माह क सुरआत भइल। यातायात पुलिस लाईन में ऑडिटोरियम हॉल के लग्गे से पुलिस कमिस्नर मोहित अग्रवाल यातायात रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येहसे पहिले यातायात विभाग की ओरि से आयोजित गोष्ठी में पुलिस कमिस्नर यातायात माह के संबंध में विस्तार से जनकारी दिहलें। उहां के आम लोगिन से यातायात नियमन के पालन क आहवान कइलीं अउर बतउलीं कि सड़कि दुरघटना में कमी लावे बदे यातायात नियमन के पालन के सथहीं जागरूकता जरूरी हौ। ओहर उन्नाव के यातायात कार्यालय में जिलाधिकारी अउर पुलिस अधीक्षक यातायात माह का फीता काटि के सुभारंभ कइलें। मिर्जापुर में यातायात माह क आजु पुलिस अधीक्षक सुभारंभ कइलें सथहीं स्कूली लइकन के यातायात नियमन क पालन करे क संकल्प दियवलें।

**********

भारतीय जनता पारटी क सीनियर कार्यकर्ता अउर पूर्व विधायक नारायण उर्फ भुलई भाई के सरगबास पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुखः जतवलें हवें। मुख्यमंत्री उनके सरगबास के पारटी बदे अपूर्णीय क्षति बतवलें हवें। मुख्यमंत्री ओन्हे सरधांजलि देत सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर पोस्ट कइलें कि उनकर जोगदान हमेसा याद रखल जाई। मुख्यमंत्री कहलें कि उनके सरगबास से भाजपा आपन एगो कर्मठ अउर लोकप्रिय नेता खो दिहले हवें। जनपद कुशीनगर के रामकोला क रहवइया श्री भुलई जनसंघ क संस्थापक सदस्यन मे सामिल रहलें। उहां के दुई बेरि जनसंघे के टिकट पर नेबुआ नौरंगिया सीटि से विधायक चुनल गइलें। उनकर उमिरि लगभग एक सौ दस बरिस रहल।

**********

पछिला दिने जौनपुर क गांव कबिरूद्दीनपुर में भइल ताइक्वांडो खिलाड़ी अनुराग यादव के हत्या क संज्ञान लेके आजु राज्यमंत्री गिरीश चंद यादव पीड़ित परिवार से उनके घरे भेंटि कइके सोक संवेदना जतवलें। श्री यादव पीड़ित परिवार के न्याय दियावे अउर दोसियन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई क भरोसा दियवलें। उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार पीड़ित परिवार के साथे खड़ी हौ।

**********

मथुरा क ठाकुर मंदिर द्वारिकाधीस के हाता में आजु गोबर्धन पूजा क आयोजन सरधा अउर भक्ति के वातावरण में कइल गइल। एकरे बाद संझा चारि बजे ठाकुर जी भव्य अन्नकूट क दरसन खुलल। देस–विदेस से जुटल सरधालु अन्नकूट क दरसन कई के सबके कल्याण क प्रार्थना कइलें।

**********